


Yon Prensip Lidèchip Koute



*“Yon Nèg Saj Va Tande Epi Li Va Ogmante
Konesans Li” Pwovèb 1:5*

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

Koute . . . koute, sa vle di fè yon efò pou tande,oswa fè atansyon, bay enpòtans oswa pran konsèy. Pwovèb la di ke yon nègsaj va tande, sa vle di ke si nou genyen sajès n ap bon oditè. Rezon kifè nèg ki genyen sajès se bon oditè se paske yo konnen ke yo vin pi saj lè yo koute. Yon bon oditè cheche konn plis bagay. Sajès se pa yon don yo mouri kite pou nou, se yon bagay nou dwe jwenn lè nou koute epi aprann. Nou vin genyen li ak obsèvasyon ak konpreyansyon.

Yon bon oditè ap genyen trèkaraktè sa yo

1. Se yon oditè epi yon oratè disiplinè.
2. Li ap cheche laverite. Li bezwen konnen kisa ki jis, olye se kimoun ki gen rezon.
3. Li renmen lapè, san radyo, televizyon ak lekti, oswa deranjman. Li renmen obsève, pran konsyans sa k ap pase andedan lespri li. Se yon pansè.
4. Li genyen anpil kesyon. Li pa vle tronpe l, ni li pa vle yo pa konprann li. Jezi te toujou gen konsyans yo p at konprann li. Sepousa li te di, “Moun ki genyen zòrèy, li va tande.” Li te vle di, “Pa tande pawòl mwen sèlman, sènen epi konprann lide ak konsèp mwen ap eseye di.” Tout bon pwofesè eseye kominike konsèp yo men yo pa toujou itilize mo ki kòrèk yo. Donk, nou tande mo, men nou genyen pwoblèm pou nou konprann lide ki dèyè yo. Sepousa bon oditè va verifye si yo konprann pandan yo va poze kesyon.Si nou

pa oditè discipline, nou p ap konprann. Kèkfwa nou panse moun nan zantouray nou tande sa n ap di, senpleman pou nou dekouvri pi devan yo te panse nou te vle di yon lòt bagay.

Koute pa ase—nou dwe tande. Koute se tande jiskaske nou konprann antyèman mesaj lòt moun vle voye bannou. Televizyon kominike sèlman anpati, paske li fonksyone nan yon sèl sans. Telefòn pibon kòm mwayen kominikasyon paske nou tande epi nou reponn. Machin Fax, yon lòt kote pafè pou kominikasyon: machin k ap resevwa a resevwa egzaktman sa machin ki ap voye mesaj la te tranmèt. Men nou pa tankou machin fax. Nou mezire epi nou jije mo lòt moun ak pwòp pèsèpsyon ak emosyon pa nou (etadam nou). Nou tande mo epi nou fòme pwòp pèsèpsyon nou baze sou sa nou panse nou tande, epi nou entèprete yo ap pwòp santiman ak eksperyans nou te fè. Tout bagay nou tande travèse blesi ak

dèsèpsyon nou epi alòs nou jije ankonsekans. Se sa nou rele “reading into it” (pwojte tèt nou ladan l) Yon moun va pran nou bagay nou te die pi yo va di

nou t ap pale sou yo, alòs yo p at menm nan lide nou.

Si nou vle genyen siksè nan bati relasyon biznis oswa pèsònèl, nou va bezwen pran inisyativ koute jiskaske nou konnen kibò moun yo kanpe epi kisa yo bezwen. Dekouvri sa moun bezwen se premye pa nan zafè ede moun. Nou va konnen bezwen yo si nou kapab koute. Moun saj vin pi saj lè yo koute epi y ova kontinye koute paske yo wè valè sa genyen.

Yon bon fason pou nou asire nou nou konprann yon moun se mande li : « eske se sa w ap eseye di ?, oswa « Eske se sa w vle di ? » Fòk ou pa twò fyè pou mande eklèsisman. Se yon tan ki byen itilize epi sa va evite yon bann blesi ansanm ak konfizyon.

Prensip sa a fè pati pwogram yon lane devlopman karaktè:

Fondasyon pou Siksè.

Panse pou medite:

Yon nèg saj va toujou ogmante konesans ak konpreyansyon li paske li konnen lavni li depann de yo.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Komplete

Pa komplete